

# DEEPWATER HORIZON RESPONSE

Kesyon Repetitif pou Moun ki Enterese nan Sèvi kòm Volontè pou

Ede avèk Aktivite Repons pou Devèsman Petwòl nan Lanati

U.S. Fish and Wildlife Service

Jen 2010

## **K1: Pou ki kalite aktivite yo bezwen volontè yo pou kounye a?**

R.1. Pou kounye a, yo bezwen volontè ki kalifye nan plizyè efò k ap fèt depi nan netwayaj plaj pou rive nan re-amenañman lanati pou ede nan efò pou repons devèsman petwòl la. Opòtinite pou sèvi kòm volontè kapab chanje annapre selon domaj devèsman petwòl la fè ak kote domaj la ye. Nou ankouraje ou pou siveye paj wèb Unified Command souvan pou jwenn dènye enfòmasyon sou kalite asistans ki nesesè.

(<http://www.deepwaterhorizonresponse.com/go/site/2931/>)

## **K2. Ki kalite volontè espesyalize ki kapab ede dirèkteman nan espas natirèl ki afekte nan Oiled Wildlife Centers?**

**R.2.** Se sèlman Tri-State Bird Rescue & Research ki gen otorizasyon pou fè nenpòt antretyen nan espas natirèl la pou evènman sa a. Kounye a bezwen ki pi nesesè se pou idantifye volontè posib ki kalifye kòm “para-pwofesyonèl” ki genyen omwen 6 mwa eksperyans nan espas natirèl, yon minimòm fòmasyon nan HAZMAT pandan 4 èdtan epitou ki pran vaksen kont laraj ki ta ka ede twa eta yo nan Oiled Wildlife Centers. Yon para-pwofesyonèl defini kòm moun ki:

1. Swa posede yon pèmi aktif oswa yon otorizasyon ki asosye ak espès pou travay sou yo, oswa ki travayè dirèkteman anba kontwòl yon moun.
2. Afilye nan yon òganizasyon espas natirèl k ap travay nan Branch Espas Natirèl Incident Command Structure (ICS), oswa se yon manm pèsonèl ajans Titèl espas natirèl;
3. Dakò pou travay dapre dokiman planifikasyon apwopriye Unified Command (tankou Plan Pwoteksyon Espas, Plan-Daksyon pou Ensidan, egzijans afè biblik, elatriye), epitou respekte dokiman an, epi
4. Genyen yon konesans ak eksperyans travay (omwen 3 mwa) avèk pwotokòl jeneral, pwosedi ak danje sekirite ki asosye avèk travay sou espès ki konsène a.

Answit, enfimyè lisansye ki resevwa fòmasyon BP se volontè sant espas natirèl nou pi pito tou.

## **K3. Kimoun mwen ta dwe kontakte si mwen disponib ak si mwen genyen konpetans ki nesesè yo?**

R3. Tanpri voye kesyon ou yo dirèkteman ba [fw4ppc@fws.gov](mailto:fw4ppc@fws.gov) oswa rele pou nenpòt enterè ou ta genyen pou ofri asistans nan espas natirèl nan nimewo 404/679-7049. Mesaj ou fèt pou genyen ladan non ou; adrès ou avèk vil ak eta, nimewo telefòn ou (nou pito telefòn selilè ak nimewo telefòn altène); imèl; sou ki distans ou vle vwayaje; kilè ak pandan konbyen tan ou disponib pou ede; epitou si ou genyen nenpòt eksperyans espesyalize nan sèten espès, sètadi echasye (tankou krabye), zwazo rapas, zwazo maren pelajik (ki viv lwen nan lanmè), zwazo dlo, elatriye. Li ta

nan avantaj nou tou pou konnen si ou se yon veterinè oswa yon veterinè zwazo, yon teknisyen veterinè, oswa yon reyabilitatè ki gen anpil eksperyans.

**K4. Èske genyen nenpòt fòmasyon espesyal ki nesesè pou mwen kapab sèvi kòm volontè nan efò repons pou devèsman petwòl la pou netwayaj plaj, etid sou zwazo, oswa si mwen se yon para-pwofesyonèl espas natirèl ki kalifye?**

R4. Wi, BP egzije pou tout repons pou devèsman petwòl la volontè para-pwofesyonèl yo swiv Fòmasyon nan Sekirite nan yon kote ki ofri klas fòmasyon an andirèk toupatou nan Rejyon Kòt Gòlf la. Tanpri rele Liy Dirèk Fòmasyon an nan 1-866-647-2338 pou jwenn enfòmasyon sou orè klas la oswa pou anwole nan klas la.

Oswa, si ou pito, ou kapab patisipe nan Fòmasyon BP sou Pwoteksyon depi ou ale nan sit wèb <https://www2.virtualtrainingassistant.com/BPPublic/wc.dll?learner~cmenu>. Genyen yon tès nan fen chak kou, epitou ou dwe pase avèk yon nòt 80% (w ap jwenn twa chans pou fè egzamen an). Tanpri enprime sètifikasi a pou pote si ou pwograme pou asiste klas la nan yon Sant Reparasyon Espas Natirèl ki Sal ak Petwòl oswa yon lòt kote. Si ou genyen nenpòt pwoblèm IT, ou kapab rele Liy Dirèk Fòmasyon ki endike anwo a pou jwenn asistans.

**K5: Mwen ta renmen sèvi kòm volontè pou ede nan efò repons pou devèsman petwòl la, men mwen pa genyen fòmasyon espesyalize pou kounye a. Kijan mwen kapab enskri pou vin yon volontè?**

R5. *Louisiana Serve Commission* ap ede anwole ak fòme volontè yo nan repons pou devèsman petwòl la. Yon operasyon netwayaj dinamik pral fèt pou jwenn sous devèsman petwòl la, pou rekipere petwòl la, epitou pou pwoteje espas sansib anviwònman an. Petwòl se yon sibstans toksik ak danjere si yo jere li yon fason ki pa apwopriye. Se sèlman volontè ki resevwa fòmasyon an ki kapab netwaye petwòl la oswa debarase li. Ou fèt pou genyen omwen laj 18 tan, anmezi pou swiv enstriksyon ekri ak oral alafwa, epitou satisfè egzijans fòmasyon ak fizik pou wòl ou ta vle jwe a.

Si ou enterese resevwa fòmasyon espesyalize pou ede nan netwayaj la, tanpri enskri non ou nan sit wèb [www.volunteerlouisiana.gov](http://www.volunteerlouisiana.gov) oswa rele 1-866-448-5816 pou jwenn enfòmasyon sou nenpòt opòtinite volontè paske yo idantifye opòtinite yo.

Tanpri sonje tou se sèlman Unified Command ki genyen otorite legal pou pran desizyon sou utilizasyon volontè ki nan zòn ki afekte nan devèsman petwòl la. Dènye enfòmasyon sou efò pou devèsman petwòl la ak opòtinite pou sèvi kòm volontè afiche nan sit wèb:

<http://www.deepwaterhorizonresponse.com/go/site/2931/>. Desizyon Unified Command pou rekrite, fòme ak deplwaye volontè yo depannde pozisyon ak dimansyon devèsman petwòl la, estrateji apwopriye pou netwayaj, ak konsiderasyon pou sekirite.

Ou kapab enskri tou anliy si ou w ap viv nan youn nan eta Kòt Gòlf la nan sit wèb yo:

- Alabama: <http://www.servealabama.gov/2010/default.aspx>
- Florida: <http://www.volunteerfloridadisaster.org/>
- Louisiana: <http://www.volunteerlouisiana.gov/>

- Mississippi: <http://www.volunteermississippi.org/1800Vol/OpenIndexAction.do>

Answit, National Audubon Society ap enskri volontè pou yo bay asistans tou. Enfòmasyon pou enskri a nan sit wèb  
[http://www.audubonaction.org/site/Survey?ACTION\\_REQUIRED=URI\\_ACTION\\_USER\\_REQUESTS&SURVEY\\_ID=3400](http://www.audubonaction.org/site/Survey?ACTION_REQUIRED=URI_ACTION_USER_REQUESTS&SURVEY_ID=3400).

**K6: M ap viv toupre yon Refij Espas Natirèl Nasyonal nan zòn Kòt Gòlf la epi mwen ta renmen bay sipò mwen nan efò repons pou devèsman petwòl la. Kijan mwen kapab sèvi kòm volontè?**

A6. Anpil refij espas natirèl nasyonal ki toutolon Kòt Gòlf la nan eta Lwizyàn, Alabama ak Florid genyen volontè aktif ak pwogram gwoup Zanmi. Si ou enterese sèvi kòm volontè pou ede anplwaye refij ak gwoup Zanmi yo, tanpri kontakte refij ki toupre ou pou jwenn plis enfòmasyon sou ki opòtinite ki genyen nan moman an. Ou kapab jwenn refij ki pi pre ou a depi ou ale nan sit wèb <http://www.fws.gov/southeast/refuges/refuges-by-state.html#choose>

**K7. Mwen se yon manm Gwoup Zanmi yo oswa m ap sèvi kòm yon volontè pou yon Refij Espas Natirèl Nasyonal ki pa toutolon Kòt Gòlf la. Kijan mwen kapab bay èd nan efò repons pou devèsman petwòl la?**

R7. FWS apresye anpil sipò gwoup Zanmi ak volontè nou yo te ofri pandan plizyè ane. Yon sijesyon se ta pou pale avèk manadjè ak anplwaye refij ou konsènan fason ou kapab bay èd la si anplwaye FWS yo re-afekte pou yon ti tan nan travay sou repons pou devèsman petwòl la. Ou kapab vle kontakte tou refij ki tou toutolon Kòt Gòlf la pou diskite sou bezwen yo avèk kouwòdonatè volontè yo.